



# Rapòte manje mwèn an

Depatman Sante Piblik Massachusetts

Gen yon sistèm anliy ki pèmèt yo fè otorite sante piblik nan Massachusetts yo konnen lè moun malad paske yo te manje manje ki kontamine.

Moun ki malad paske yo manje manje ki kontamine ka gen yon seri sentòm ki parèt sanzatann kèk èdtan oswa jou apre yo te fin manje manje sa yo.

Men kèk nan sentòm yo:



Dyare

Vomisman

Kranp nan lestomak



Si w panse ou menm oswa yon manm fanmi w te malad paske n te manje manje ki kontamine, li enpòtan pou w fè otorite sante piblik yo konn sa san pèdi tan.



**Lè w fè konn sa, sa ka anpeche lòt moun vin malad!**

Pou w aprann plis sou zafè malad akòz manje ki kontamine e pou w konnen ki kote pou w rapòte sa, al sou: [mass.gov/ReportMyMeal](https://mass.gov/ReportMyMeal)



Biwo Klima ak Sante Anviwònman an  
Divizyon Pwoteksyon Manje  
Depatman Sante Piblik Massachusetts